



Manicaland HIV STD Prevention Project

Epidemic Status Report 2007

Biomedical Research & Training Institute, 4th Floor, Nicos Diamond House, Samora Machel Avenue, p.a. Box CY 1753, Harare, Zimbabwe Tel: 04735000/02 & Stand 188, Mutasa D.C., P.O. Box Hauna 3449, Zimbabwe, Tel: 028 2230.

NYANGA NENZVIMBO DZAKAPOTEREDZA

INTRODUCTION

Ongororo yekutanga yeManicaland HIV/STD Prevention Project yakaitwa muna Chikunguru mugore ra 1998 kusvika muna Ndira wa2000. Ongororo inoteverera iyi yakaitwa muna Chikunguru wa2001 kusvika muna Ndira wa2003 zvakare imwe ongororo yakaitwa kubva muna Nyamavhuvhu wa2003 kusvika muna Nyamavhuvhu wa2005, ongororo yechina yakazoitwa kubva muna Nyamavhuvhu wa2006 kusvika muna Mbudzi wa2008. Gwaro iri rinofananidza dudziro huru dzakabuda munharaunda muno maererano nekubatirwa kweutachiwana hweHIV nezvimwe zvirwere zvinowanikwa mukusangana pabonde, ruzivo pamusoro pehutachiwana hweHIV nezvimwe zvirwere zvepabonde uye kurarama muhutano hwakanaka kubva paongororo yekutanga nedzimwe ongororo dzakaitwa mumashure, Pakati peongororo yekutanga neyechipiri pakawedzererwa imwe mibvunzo yezvekurapwa nekuongororwa kwehutachiwana hwe HIV. Tarisai mukati nekuseri kwepepa rino kuti muzive zvakananda.

NZVIMBO DZAKAITWA ONGORORO

Ongororo munharaunda ino yakaitwa muNyanga kusanganisira Experiment Station, Fisheries, National Parks, Nyamhuka 1 & 2, Tourist, Devichands, ZRP, Mangondoza, Rochdale, Turo, Anglers Rest, CMED, DA Camp, Bonde, Bvukutwa, Dzapasi, Magaya, Mambemba, Mandicheta, Mandipaka, manjoro, Marigidi, Mutimutema, Ndarana, Nyamukanga, Nyarumvurwe, Sanganai, Sarutani neSedze. Muongororo yekutanga vanhu 797 vakapinda muchirongwa, muongororo yakatevera vanhu vakuru 579 vakapinda muchirongwa uye muongororo yakazotevera vanhu vakuru 1,191 vakapinda muchirongwa. Muongororo yechina makapinda vanhu vakuru vanosvika 1,008 muchirongwa.

DUDZIRO DZAKAKOSHA DZEONGORORO

- Chikamu gumi nepfumbamwe (19%) kubva muzana chevarume pamwe nezvikamu makumi matatu (30%) chevakaadzi vane utachiwana hweHIV parizvino
- Huwandu hwevarume vane hutachiwana hweHIV hwaderera kubva muongororo yekutanga nedzimwe dzakazotevera mushure, asi huwandu hwevanhukadzi vane hutachiwana hweHIV hwawedzera. Huwandu hwevanhu vane hutachiona hweHIV huchiri hwakananda.
- Vanhu vazhinji vava neruzivo rwokuti zvirwere zvepabonde zvinowedzera mikana yokubatira hutachiwana hweHIV, asi vanhu vashoma vari kuenda kundorapwa zvirwere zvepabonde muzvipatara nemumakiriniki.
- Vanhu vakawanda havazivi kuti havasi vana vose vanozvarwa naanaamai vane hutachiwana hweHIV, vanozvarwa vaine hutachiwana.
- Chikamu chevarume chakananda chakararidza kuva neshamwari dzepabonde dzinodarika imwe mugore rapera. Vakadzi vakataridza kuva neshamwari dzepabonde dzinopfura imwe chete mugore rapera vawedzera kubva muongororo yepfura.
- Rusaruro kuvanhu vane HIV/AIDS rwuri kuderera uyezve vanhu vakawanda vakati vane chido chekuchengeta hama inenge yarwara neAIDS.
- Vanhu vakawanda vai raridza kugutsikana nehurongwa hwemarapirwo ezvirwerwe zvepabonde muzvipatara nemumakiriniki.
- Huwandi hwevakadzi vari kunoongororwa hutachiona hweHIV hwawedzera zvikuru, asi huwandu hwevanhurume varikuongororwa hutachiona hweHIV hwawedzera zvisoma.
- Vanhu vazhinji vachiri kutaridza kuti havazivi kuti kune mishonga inokwanisa kuderedza huwandu hweutachiwana hweHIV mumuviri.